

# Aktivite Matematik Familyal Explore

Yo adapte de aktivite annapre la yo apati pwogram detid Building Blocks, ke yo mete anplas anjeneral nan salklas Explore pre-Kindègadenn. Aktivite sa yo adapte pou timoun laj twa a kat lane epi yo ka fèt nan kay fasilman avèk fanmi ak lòt moun k ap okipe timoun yo, avèk tikras materyèl nesèsè. Yo fèt pou yo rekreyatif ak amizan, pandan y ap soutni tou devlopman timoun yo nan anviwònman lakay yo.

## **Aktivite 1: Modèl Dans yo**

**Materyèl ki Nesèsè:** Mizik, pou danse.

### **Kijan pou jwe:**

- Chwazi yon chante ke oumenm ak timoun ou an renmen pou danse
- Envite timoun ou an swiv yon modèl pandan n ap danse. Pa egzanp, zòtèy/talon, zòtèy/talon, zòtèy/talon.
- Panse eseye sekans mouvman ki pi konplike. Pa egzanp, bat men/choute/choute, oswa zòtèy/zòtèy/talon/bat men.
- Apre nou fin danse yon modèl, envite timoun ou an dekri modèl li te danse a. Ensiste sou pati nan modèl la ki plede repete (zòtèy/talon, pa egzanp).

### **Poukisa jwèt sa a?**

Modèl yo enpòtan anpil nan matematik, epi yo tout antoure nou. Lè ou ede timoun yo eksplòre modèl, ak wè estrikti nan modèl yo, sa pral bay yon baz solid nan matematik. Lè yo rekonèt ak refè modèl yo, sa fini pa soutni timoun yo nan aritmetik, epi aljèb finalman!

## **Aktivite 2: Sèk ak Mamit**

**Materyèl ki Nesèsè:** Mamit divès gwosè oswa lòt silenn (tankou yon mamit nwa, yon mamit soup, yon bwat kreyon, elatriye)

### **Kijan pou jwe:**

- Itilize yon enstriman ekriti pou trase baz plizyè mamit sou papye.
- Mande timoun ou an pou li fè koresponn mamit yo ak sèk ki trase yo.
- Ankouraje timoun ou an pou li mete mamit la dirèkteman sou sèk ki trase a pou verifye.

### **Poukisa jwèt sa a?**

- Timoun yo aprann ke objè 3D yo (tankou mamit yo) gen “fas” fòm. Pa egzanp, yon mamit, gen de kote oswa sèk ki se “fas”.
- Nan aktivite sa a, timoun yo eksplòre fòm yo yon fason aktif. Ou ka ede timoun ou an pase dwèt li toutotou rebò sikilè oswa “fas” yon mamit. Timoun yo pral rive santi ke *sèk yo won pafètman*.

*Tout Aktivite Matematik Familyal Explore yo adapte apati Building Blocks, © Clements & Sarama, 2013, McGraw-Hill Education.*